**दिन–मंगलवार** **दिनांक–10.09.2024**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

पटना मे आइ सँ पंचायती राज प्रतिनिधि लोकनिक तीन दिवसीय राष्ट्रीय कार्यशाला के शरूआत भेल। कार्यशाला के उद्‌घाटन केन्द्रीय पंचायती राजमंत्री राजीव रंजन सिंह उर्फ ललन सिंह कयलनि। श्री सिंह कार्यशाला के संबाधित करैत कहलनि जे देश के दू हजार सैंतालीस धरि विकसित बनेबा मे पंचायती राज संस्था सभक भूमिका विशेष महत्वपूर्ण अछि। आ एकर मजगूत आधार पंचायती राज संस्था के राखऽ पड़त। श्री सिंह कहलनि जे सतत विकास लक्ष्य के प्राप्त करबाक दिशा मे सेहो पंचायती राज संस्था के महत्वपूर्ण भूमिका के निर्वहन करऽ पड़त। समारोह के संबोधित करैत केन्द्रीय पंचायती राज्यमंत्री एस.पी. सिंह बघेल कहलनि जे बदलैत परिस्थिति के अनुरूप पंचायत सभ के शिक्षा, स्वास्थ्य आ पर्यावरण संरक्षणक क्षेत्र मे अपन भूमिका बढ़बऽ पड़त। कार्यशाला के बिहारक पंचायती राजमंत्री केदार प्रसाद गुप्ता सेहो संबोधित कयलनि। श्री गुप्ता कहलनि जे सरकार मेरी पंचायत मेरा गौरव अभियानक अंतर्गत पंचायती राज संस्था सभ के सुदृढ़ बनेबाक पहल कयलक अछि।

———————————————————————————

एहि अवसर पर उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी कहलनि जे सरकारक लक्ष्य वर्ष दू हजार पच्चीस सँ पहिने हरेक पंचायत मे पंचायत सरकार भवन आ आरटीजीएस केन्द्रक स्थापना करब अछि। समारोह के संबोधित करैत उपमुख्यमंत्री विजय कुमार सिन्हा कहलनि जे एनडीए सरकार बिहार मे पंचायती राज व्यवस्था के न्यायपूर्ण आ समाजिक रूप सँ संरक्षित बनेबाक सभ संभव प्रयास कयलक अछि। एहि कार्यशाला मे देशक विभिन्न राज्य आ केन्द्रशासित प्रदेश सभ सँ छओ सय सँ बेसी सरपंच, मुखिया, ग्राम प्रधान आ पंचायती राज संस्था सभक प्रतिनिधि लोकनि भाग लऽ रहल छथि। एहि पंचायत प्रतिनिधि लोकनिक तीन दिवसीय कार्यशाला के मुख्य उद्‌देश्य सामाजिक न्याय आ सामाजिक सुरक्षाक क्षेत्र मे स्थानीय स्वायत्त शासनक भूमिका के मजगूत करब आ एक दोसराक अनुभव सँ सीखब अछि।

———————————————————————————

नेता प्रतिपक्ष तेजस्वी प्रसाद यादव आइ समस्तीपुर सँ आभार यात्रा के शुरूआत कयलनि। ओ समस्तीपुर टाउन हॉल मे कार्यकर्ता संवाद कार्यक्रम मे भाग लेलनि। श्री यादव राज्य सरकार पर अपराधी आ भ्रष्टाचारी सभ के संरक्षण देबाक आरोप लगौलनि। ओ कहलनि जे राज्य मे कानून व्यवस्था के स्थिति बदतर भऽ गेल अछि आ विकासक काज ठप्प पड़ि गेल अछि।

———————————————————————

भूमि सुधार आ राजस्व विभागक मंत्री डॉक्टर दिलीप जायसवाल स्पष्ट कलयनि अछि जे राज्य मे भूमि सर्वे के काज जारी रहत। आई पटना मे संवाददाता लोकनि सँ बार्ता करैत ओ कहलनि जे जमीन सर्वे के काज रोकबाक सरकारक कोनो मनसा नहि अछि। ग्रामीण क्षेत्र सभ मे सर्वे के काज सुचारू रूप सँ जारी अछि। डॉक्टर जायसवाल कहलनि जे किछु भू–माफिया सभ सर्वे के काज रोकल जयबाक भम्र उत्पन्न कऽ रहल छथि।

———————————————————————

प्रदेश मे एहि बेर मॉनसून मे सत्ताईस प्रतिशत कम वर्षा भेल अछि। मौसम विभाग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार राज्य मे एखन धरि लगभग आठ सय चौवालीस मिलीमीटर वर्षा हेबाक चाही छल जखनकि मात्र सात सय सत्रह मिलीमीटर वर्षा भेल अछि। मात्र चारि जिला नवादा, अरवल, औरंगाबाद आ शेखपुरा मे सामान्य सँ बेसी वर्षा भेल अछि। एकर अलावे आन चौतीस जिला मे औसत सँ कम वर्षा रिकॉर्ड कयल गेल। मधुबनी आ सारण मे सामान्य सँ बावन प्रतिशत कम वर्षा भेल अछि। एम्हर, मौसम विभाग कहलक अछि जे राज्यक मे मॉनसूनक सक्रियता मे कमी आयल अछि। एहि कारण अगिला दू दिन धरि प्रदेशक बेसीतर

भाग मे छिटपुट वर्षा हेबाक संभावना अछि। एहि अवधि मे कतहू भारी वर्षा हेबाक पूर्वानुमान नहि अछि।

———————————————————————

प्रदेश मे डेंगू के नव मामिला भेटबाक क्रम जारी अछि। पछिला चौबीस घंटा के अंतर्गत तेईस नव मामिलाक पुष्टि भेल अछि। पटना मे सभ सँ बेसी अठारह नव मामिला भेटल अछि। एम्हर, पीएमसीएच मे डेंगू सँ पालीगंज के सिंगौरी थाना क्षेत्र निवासी एक किशोर के मृत्यु भऽ गेलनि। राज्य मे डेंगू सँ एखन धरि तीन गोटे के मृत्यु भऽ चुकल अछि।

———————————————————————

प्रदेशक फराक–फराक क्षेत्र मे डूबि जयबाक घटना मे सात बच्चा के मृत्यु भऽ गेल। बांका जिलाक आनंदपुर थाना क्षेत्रक बेहरबारी गाम स्थित एक पोखरि मे स्नान करबाक दरमियान डूबि गेला सँ चारि बच्ची के मृत्यु भऽ गेल। ओतहि, एक बच्ची के स्थानीय लोकक मददि सँ बचाओल गेल जकर इलाज चलि रहल अछि। एम्हर, पूर्वी चंपारण जिलाक पकरीदयाल थाना क्षेत्र अंतर्गत शिवपुरी कुण्डल गाम मे कछुआ नदी मे स्नानक दरमियान डूबि गेला सँ दू बच्चा के मृत्यु भऽ गेल। दोसर दिस मुंगेर जिलाक धरहरा प्रखंडक अमारी

पंचायत स्थित डंगरी आहर मे डूबि गेला सँ एक बच्ची के मृत्यु भऽ गेल जखनकि एक आन बच्ची के स्थानीय लोक सभक मददि सँ बचा लेल गेल।

———————————————————————————

भागलपुर जिलाक बबरगंज थाना क्षेत्र मे अपराधी सभ भाजपा नेता शशि मोदी पर बम सँ हमला कऽ देलक। संगहि अपराधी सभ हुनका पर हथियार सँ सेहो हमला कयलक। घायल भाजपा नेता के उत्तम इलाजक लेल जवाहर लाल नेहरू मेडिकल कॉलेज अस्पताल मे भर्ती कराओल गेल अछि।

———————————————————————————

समाप्त